



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SELEKSYON 214 PWOFESEÈ ESPESYALIS
ADISYONÈL NAN ETA NEW YORK**

Kantite total edikatè eksepsyonèl STEM nan rezo edikasyon pwofesyonèl nan tout eta te atenn 908

Nouvèl Etap Aplikasyon an Ouvri Jiska 24 Fevriye 2018, Pwofesè STEM ak Syans Enfòmatis Soti nan Klas Matènèl rive nan 12yèm Ane

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse chwa 214 edikatè ki soti toupatou nan eta pou rejwenn Pwogram Pwofesè Espesyalis (Master Teacher Program) Eta New York la. Edikatè sa yo pral rejwenn rezo Pwofesè Espesyalis a ki te kreye nan lane 2013, k ap ramne kantite total Pwofesè Espesyalis atravè Eta New York yo a 908. Gwoup k ap antre nan Pwofesè Espesyalis a genyen ladan l 26 pwofesè ki genyen sètifikasyon nan de kontni STEM ak 14 pwofesè ki sètifye nan Teknoloji Edikasyon k ap ofri divès klas nan Syans Enfòmatis ak Teknoloji.

“Mwen felisite tout 214 edikatè yo ki te rejwenn nou nan pwogram nan pandan dènye faz sa, e mwen atann siksè yo pandan y ap kontinye fòme epi enspire nouvel jenerasyon lidè Empire State yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram Pwofesè Espesyalis la deja rekonèt epi sipòte kwasans plis pase 900 pwofesè atravè eta a, e ak ouvèti pwochen etap aplikasyon yo, nou atann pou n onore pwofesè STEM eksepsyonèl sa yo.”

“Pwogram Pwofesè Espesyalis Eta New York la kontinye montre angajman New York pou devlope yon solid relasyon ak edikatè ki dedye nan metye yo, ajai antanke lidè pou kòlèg yo ak lòt pwofesyonèl setè yo, epi ensite pasyon pou aprantisaj STEM pou elèv yo.”, **Rektè SUNY an Kristina M. Johnson te deklare.** “Mwen antouzyasme de opòtinite pou Pwofesè Espesyalis yo ak patenarya n ap kreye ak fakilte edikasyon nan kanpis SUNY atravè Eta New York.”

214 Pwofesè Espesyalis yo se pwofesyonèl ki angaje ki anseye klas syans, teknoloji, jeni ak matematik ki enkli nan nivo plasman avanse, distenksyon, Rejan ak Bakaloreya Entènasyonal. Pwofesè Espesyalis ke yo te chwazi yo nan pwofesyon ansèyman depi yon mwayèn 13 ane. Plis pase 65 pousan te nan klas pandan 10 an oswa plis ane, e 10 pousan nan ansèyman pandan plis pase 20 ane. Yo reprezante plis pase 140 distri lekòl e yo anseye nan nivo lekòl pre-segondè ak segondè. Anpil Pwofesè Espesyalis

devlope kou STEM entèdisiplinè nan distri yo e yo itilize resous nan kominote lokal yo pou ankouraje plis elèv pouswiv etid ak karyè STEM yo.

Tout Pwofesè Espesyalis yo aktif depase nan klas yo, k ap sèvi kòm lidè nan depatman pwogram oubyen nan komite distri yo. Yo patwone klèb STEM, konpetisyon olenpik syantifik ak ekip wobotik, ak òganizasyon sèvis kominotè lekòl ansanm ak antrenè jadinya lekòl ak manm PTA (Parent Teacher Association). Pwofesè Espesyalis yo kenbe wòl lidèchip nan asosyasyon pwofesyonèl STEM Eta New York e anpil ladan yo te resevwa prim ak rekonesans piblik pou ansèyman yo de kanmarad ak kominote yo.

Pwogram Pwofesè Espesyalis a fèt nan yon kanpis SUNY pou ranfòse ekspètiz fakilte ak pwogram preparasyon edikatè ki la deja nan Inivèsite a. Kantite pwofesè ki soti nan chak kòwòt rejyonal ak kanpis patnè respektif SUNU yo se:

- Rejyon Kapital: 131 (University at Albany)
- New York Santral: 95 (SUNY Cortland)
- Finger Lakes: 108 (SUNY Geneseo)
- Long Island: 103 (Stony Brook University)
- Mid-Hudson Valley: 80 (SUNY New Paltz)
- Mohawk Valley: 77 (SUNY Oneonta)
- North Country: 65 (SUNY Plattsburgh)
- Southern Tier: 117 (Binghamton University)
- Rejyon Lwès New York: 101 (SUNY Buffalo State)
- Vil New York: 31 (nan yon patenarya ak Math for America)

Yon lis 214 pwofesè ak distri lekòl nan dènye etap sa disponib [isit la](#), e yon lis konplè tout Pwofesè Espesyalis yo disponib [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te anonse tou ouvèti pwochen faz aplikasyon pou Pwofesè Espesyalis yo nan tout rejyon yo, ki elaji pou enkli yon kowòt ki dedye pou pwofesè syans enfòmasyon yo. Faz aplikasyon sa envite pwofesè STEM klas Matènèl rive nan 12yèm Ane ekstraòdinè yo aplike nan www.suny.edu/masterteacher. Nou ankouraje pwofesè Syans Enfòmasyon ki kalifye - nan tout klas yo - pou aplike.

Pandan tout kat an patisipasyon yo nan Pwogram nan, Pwofesè Espesyalis yo:

- Resevwa yon rekonpans 15,000 dola chak ane;
- Enplike nan gide kòlèg yo ak nan opòtinite devlopman pwofesyonèl entansif nan domèn yo pandan tout ane akademik la;
- Travay nan tèt ansanm ak pwofesè ki nan staj oubyen sa ki nan kòmansman karyè yo pou favorize yon anviwonman ki bay sipò pou nouvo jenerasyon pwofesè STEM yo; epi
- Patisipe nan reyinyon kowòt regilye, patisipe epi dirije nan plizyè sesyon devlopman pwofesyonèl chak ane.

Delè limit pou aplikasyon yo se 24 Fevriye 2018. Lòt enfòmasyon sou kondisyon ak pwosesis aplikasyon yo disponib nan www.suny.edu/masterteacher.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418